



Bonjou ak Bòn Ane 2023!

Mèsi anpil paske ou dakò pou w sèvi nan **Komite Kowodinasyon Evalyasyon Risk anrapò ak Nivo Lanmè a k ap Monte an 2023 a**. Se konsiltan Vil la, Baxter & Woodman, k ap fè travay sa a, fè yon kat jeyografik sou zòn vil Island yo ki pral plis riske pou inonde nan ane k ap vini yo. Rezilta etid la pral eklere desizyon Vil la sou zòn kote operasyon pou diminye risk yo pi nesèsè ak kijan pou n gen asirans enfrastrikti piblik ak prive nou yo vrèman pare pou inondasyon k ap vini yo.

Etid la pral fèt sitou grasa yon Lojisyèl Katografi Jeyoespasyal- yon teknoloji ki pèmèt yo kreye, jere, analize ak katografye done tout kalite.

Vil la pwopoze Komite Kowòdinasyon an pral reyini yon fwa pa mwa pandan kat mwa, pou egzamine epi diskite sou done yo ak rezilta yo. Nou espere reyinyon an p ap dire plis pase inèdtan, selon enpòtans diskisyon yo. Vil la pral òganize tou de (2) gwo reyinyon piblik kote yo ankouraje manm komite yo patisipe, men ki pa obligatwa.

Malgre nou gen plizyè ekspè nan domèn yo ki te dakò pou sèvi nan Konsèy administrasyon an, nou vize kenbe kontni an plis jeneral posib epi fasil pou konprann, yon fason pou jwenn pi bon kòmantè posib nan men nou tout. Ou ap jwenn nan materyèl bakòp ou yo yon deklarasyon misyon, definisyon ak prensip debaz yo pou ede nou kòmanse.

Nou kontan anpil pou nou lanse aktivite sa a nan dat **Jedi 19 Janvyè, a 4:00pm** nan Sal Komisyon Meri a. N ap byen kontan wè ou lòtbò a!